үйрениў, креативлик принципи.

Арт-педагогиканың тийкарғы ўазыйпалары төмендегилер болып табылады:

• адамның өзин жеке инсан сыпатында түсиниўин, өзин инсан сыпатында қабыл етиўди ҳәм өзиниң адам сыпатында баҳалылығын түсиниўди қәлиплестириў;

• өзиниң дүнья менен өз ара байланыслылығын ҳәм қоршап турған социомәдений орталықтағы өз орнын түсиниўди қәлиплестириў;

• инсанның дөретиўшиликте өзин-өзи жүзеге шығарыўы.

Социаллық-педагогикалық әмелиятта көркем өнер усылларын қоланыўдың тарийхый ҳәм ҳәзирги заман тәжирийбесин таллаў, адамда тәрбиялаў, оқытыў, раўажландырыў, қоллап-қуўатлаў, социалластырыў мәселелерин шешиў ушын көркем өнерден пайдаланыўдың тәбиятын, улыўма нызамлылықларын, принциплерин, механизмлерин үйрениўши, педагогикалық илимниң өз алдына бағдары сыпатындағы арт-педагогиканың қәлиплесиўиниң ҳақыйқый тарийхый-мәдений тийкарларының бар екенлигин көрсетеди. Көркем өнердиң педагогикалық мүмкиншиликлеринен арт-педагогика контекстинде пайдаланыўдың келешеги бар бағдарларының бири сыпатында болажақ оқытыўшыларды жоқары оқыў орны шараятында кәсипке таярлаў процесин көриўге болады.

Мәдений-тарийхый ретроспективадағы педагогика ҳәм көркем өнердиң өз ара ийкемлесиўи ҳәм биригиўи, әдетте көркем өнердиң айырым түрлериниң өзгертилип қолланылыўы контекстинде ямаса олардың синкретлик бирлигин тәмийинлеўши формаларда пайдаланылыўы сыпатында көринеди. Бирақ, қалай болғанда да, билимлендириў тәжирийбесинде көркем өнердиң тәсириниң педагогикалық нәтийжесине ерисиўдиң зәрүрли шәрти, өзин-өзи еркин көрсетиў, көркем дөретиўшиликте ишки тилеклериниң тәсири астында өзинен-өзи ислей алатуғынлығын көрсетиў, ҳәм сондай-ақ, инсанларға көркем өнер шығармаларын өзлестириўде өз еркинше қараў, сезиниў ҳәм алған тәсирлери ҳаққындағы пикирлерин басқалар менен бөлисиў ҳуқықын бериў болып қалады.

### Әдебиятлар


1. Копытин А.И. Основы арт-терапии. СПб. Лань, 1999. –С. 251.
2. Медведева Е.А., Левченко И.Ю., Комиссарова Л.Н., Добровольская Т.А. Артпедагогика и арттерапия в специальном образовании. -М.: Издательский центр «Академия», 2001. –С. 248.
3. Колошина Т.Ю. Арт-терапия. Методические рекомендации. Режим доступа: http://www.vashpsixolog.ru/correctional-work-school-psychologist/171 psixoterapiya/1473-dramaterapiya
4. Корженко О.М. Артпедагогика сегодня: цели и перспективы развития. /О.М.Корженко, Е.А. Заргарьян //Теория и практика образования в современном мире: материалы III междунар. науч. конф. (г. Санкт-Петербург, май 2013 г.). СПб. Реноме, 2013. –С. 95.



**РЕЗЮМЕ**

Санъатнинг турли турлари ва воситаларининг педагогик салоҳиятидан комплекс фойдаланиш асосида, таълим муҳитини инсонпарварлаштиришга, педагогик ўзаро таъсири оптималлаштиришга қаратилган бадиий педагогика тизими, унинг усуллари ўқув жараёнида қўллаш имкониятларини ўрганиш, касб-ҳунар таълими субъектларининг ўзини ўзи амалга ошириши.

**РЕЗЮМЕ**

На основе комплексного использования педагогического потенциала различных видов и средств искусства изучение возможности использования системы арт-педагогики, ее методов в процессе образования, направленных на гуманизацию образовательной среды, оптимизацию педагогического взаимодействия, творческую самореализацию субъектов профессионального образования.

**SUMMARY**

On the basis of the integrated use of the pedagogical potential of various types and means of art, studying the possibility of using the system of art pedagogy, its methods in the educational process, aimed at humanizing the educational environment, optimizing pedagogical interaction, and creative self-realization of subjects of vocational education.


## ULÍWMA BILIM BERIW MEKTEP OQÍWSHÍLARÍNDA KOMMUNIKATIVLIK KOMPETENCIYANÍŃ QÁLIPLESIW METODLARÍ


**B.K.Utemuratov –** *filologiya ilimleriniń kandidatı, docent*

*Qaraqalpastan Respublikası Xalıq bilimlendiriw xızmetkerlerin qayta tayarlaw hám olardıń qánigeligin arttırıw aymaqlıq orayı*



**Tayanch so‘zlar:** o‘quvchi, o‘qituvchi, kompetensiya, kommunikatsiya, kommunikativlik, metod, trening, ko‘nikma, o‘yin, sinf.

**Ключевые слова:** учащийся, учитель, компетентность, общение, коммуникативный, метод, набор текста, умение, игра, класс.

**Key words:** student, teacher, competence, communication, communicative, method, typing, skill, game, class.


Kommunikativlik kompetenciyanıń qáliplesiwi boyınsha klasta alıp barılatuǵın jumıslar oqıwshılardı birlestiriw, olarda qarım-qatnas, is-háreket mádeniyatın rawajlandırıwǵa múmkinshilik beredi. Klass oqıwshıları dóretiwshilikke baǵdarlanǵan bolıp, berilgen tapsırmalar balalardıń dóretiwshilik dárejesiniń rawajlanıwına qaratılǵan bolıwı tiyis. Hár bir sabaqta berilgen tálim-tárbiya arqalı balalar mádeniyatlı bolıp ósedi, óz qatarları hám úlkenler menen qarım-qatnas ornata aladı.

Kommunikativlik kompetenciya mektep oqıwshılarınıń rawajlanıw procesinde qáliplesetuǵın quramalı process bolıp esaplanadı. Bul qádiriyatlı qarım-qatnas, kommunikativlik universal háreketler hám turaqlı unamlı kommunikativlik iskerlikti óz ishine aladı. Balalardı óz ara baylanıslarda bir-birine sáykeslendiriwdiń túrli usılları menen tanıstırıwdan ibarat boladı. Bunıń ushın balalar menen tómendegi jumıslardı alıp barsaq boladı: sáwbetlesiw, tárbiya sabaqları, qarım-qatnas hám birlesiwge baǵdarlanǵan oyınlar. Ádebiy shıǵarma yamasa kino film qaharmanı menen doslasıw haqqında máseleni talqılaw boyınsha birneshe klastan tıs sabaqlar ótkersek boladı.

1. Qaysı qaharman menen doslasqıń keledi? Sebebi?
2. Bul qaharmannıń qaysı pazıyletleri seni ózine tartadı?
3. Eger bir qolaysız waqıya bolǵanda kim járdemge keledi?
4. Televizordaǵı kórkem film yaki ádebiy shıǵarmalardaǵı qaharmanlarǵa qalay járdem beriw múmkin?

Sabaq ótiw aldınan qoyılatuǵın maqsetler qanday bolıwına qaramastan oqıwshılar birge, jup bolıp islewi ushın, konkurslarda belsendi qatnasıwı ushın klasta doslıq qatnasıq ornatıw zárúr. Sonı atap ótiw kerek, tapsırmanı orınlaw procesinde, mektepte ótkeriletuǵın sabaqlarda belsendi bolmaǵan, hesh nárse menen qızıqpay úndemey otırıp alatuǵın balalar berilgen tapsırmalarǵa úlken qızıǵıwshılıq penen kirisip, talqılawlarda qatnasadı. Barlıq klass oqıwshıları berilgen máselelerdi birgelikte sheshiwge úyrenedi. Tapsırmanı orınlaw barısında olarda pikirlew hám emociyalar, eslep qalıw hám sóylew, dıqqat, sonday-

aq, biliw qábiletleri rawajlanadı. Bunnan tısqarı, oqıwshılar kóplegen jańalıqlar menen tanısadı.

Oqıwshılarında kommunikativlik kompetenciyanı qáliplestiriwge kómeklesetuǵın háreketler jobasın ámelge asırıw kerek. Qáliplestiriwshi basqısh tábiyiy tálim-tárbiya procesi sharayatında bolıp ótedi. Oqıwshılardıń belgili bir kriteriyalar boyınsha háreketleniwin sáwlelendiriwshi statistikalıq maǵlıwmatlar dinamikası baqlap barıladı. Bul jumıs túri metodikanıń tálim procesinde oqıwshılarda kommunikativlik kompetenciyanıń izbe-iz hám basqıshpa-basqısh qáliplesiw nátiyjeliligine tásirin anıqlaw múmkinshiligin beredi.

Qáliplestiriwshi basqıshtıń maqset hám wazıypalarına muwapıq pedagogikalıq baqlaw procesinde oqıwshılarda kommunikativlik kompetenciyanıń qáliplesiwi hám kommunikativlik kónlikpe hám qábiletleriniń rawajlanıwına dıqqat awdarıladı. Usı maqsette tómendegiler belgilep qoyıldı:

- oqıwshılardıń juplıq yamasa toparlıq jumıs hám onnan tısqarıdaǵı qarım-qatnası hám shaxslar aralıq birge háreket etiwge talabınıń turaqlılıǵı;
- óz qatarları menen qarım-qatnas hám óz ara birge háreket etiwde sóylew ádebin qollanıwdıń durıs hám tábiyiy túrde ámelge asırılıwı;
- qarım-qatnas boyınsha birge qatnasıwshı menen kelise alıw, sonday-aq, olardıń pikirine qosılıw uqıbı;
- juplıq, toparlıq óz ara háreket nátiyjelerine sın kózqarası, ásirese, óz-ózine qaratılǵan sın kózqarası menen bahalay alıw, mashqalalı hám qıyın kommunikativlik jaǵdaylarda konstruktiv sheshim taba alıw.

Balalardıń óz ara háreketin sáykeslendiriwdiń hár qıylı usılları menen tanıstırıw kerek. Bunıń ushın oqıwshılar menen klastan tıs jumıs alıp barıw talap etiledi. Oqıwshılarda kommunikativlik iskerlik shólkemlestiriwdiń sabaqtan tıs alıp barılatuǵın formaları kommunikativlik kompetenciyanıń barlıq komponentlerin, yaǵnıy: kognitivlik (kommunikaciya túrleri hám maqsetleri haqqında túsinik), aksiologiyalıq (kommunikaciyaǵa qádiriyatlı múnásibet), interaktivlik (hár túrli usıllarda óz ara háreket) hám empirikalıq (unamlı óz ara háreket tájiriybesi) komponentlerdi óz ishine aladı.

Oqıwshılardıń kópshiligi jańa jumıs formalarına unamlı múnásibet bildirwi, biraq onıń mánisin dárriw túsinip jetpewi itibarǵa alınadı. "Grafikalıq diktant" tapsırmasın orınlaw barısında oqıwshılar arasında dawjánjelge jaqın jaǵdaylar jiyi júz beriwi múmkin. Balalar bir-birine, máselen: "Sen durıs oqıp tursań ba? Ákel men bir kóreyin, sen bárha barlıq nárseni aljastırasań ba?" yamasa "Mende shaqmaq tawsıldı men qalay ońǵa qaray júremen? Sen ózi oń yamasa shepti ayıra alasań ba?" usaǵan hám t.b. sorawlar beriliwi múmkin.

Áste-aqırınlıq penen, juplıq hám toparda tapsırmalardı turaqlı túrde orınlap barıw, jup bolıp hám topar menen ámelge asırılǵan iskerlikti analizlew, óz-ózine analiz jasaw waqtında oqıtıwshınıń tiyisli eskertiw beriwi arqalı balalardıń bir-birine hám birgelikte óz ara háreket etiwge múnásibeti ózgerip baradı. Dáslep sırtqı ózgerislerdi kóre alıw, keyin ala oqıwshılar bir-birine múláyimlik penen atların atap, ádep-ikramlılıq penen qarım-qatnas qurallarınan paydalanıp, múrájat etiwdi úyreniwi kerek. «Toparlıq islesiw qaǵıydaları» buzılıwınıń gúwası bolǵanımızda biz oqıwshılardan, bul jaǵdayǵa dıqqat qaratıp, olardıń birge islesip atırǵan oqıwshlarına durıs qatnas jasaw kerekligin aytamız. Keyin ala eskertiw beriw jaǵdayı siyreklese basladı.

Juplıqta islew balalardıń kommunikaciyanı bekkemlewine, másláhat beriw hám qabıllawına, tatıwlıq penen hám birgelki pátte islewge úyretedi. Sonıń ushın mınaday usıllardan paydalansaq boladı: taxtada bir por menen jazıw, jup bolıp oqıw, top penen háreketler islew.

Sońınan biz kishi toparlarda islew metodınan paydalanamız, sebebi, bul jerde oqıwshılar óz ara tıǵız baylanısta boladı. Klass oqıwshıları menen «Óziń bilseń, bilgenińdi basqaǵa da túsindir», «Óziń bilseń, bilgenińdi basqaǵa da úyret» degen princip boyınsha jumıs alıp barıladı. Oqıwshılar óz kónlikpelerin doslarınıń kónlikpeleri menen obyektiv túrde teńlestirip, óz pikirlerin basqalar pikiri menen salıstırıwdı úyrenedi.

Waqıttıń ótiwi menen oqıwshılardıń jup bolıp yamasa kishi toparlarda islew procesinde bir-birin kóbirek dıqqat penen tıńlaw, bir-birine "Sen óziń tómen oqıytuǵın jalqaw bolıp turıp, ne ayta alasań?" dew sıyaqlı namısına tiyip hám mensinbey sóylewdi toqtatıw, sonday-aq, birgelikte islew ushın tez uyımlasıwdı úyrengeniniń gúwası bolamız.

Sabaqta hám sabaqtan tısqarı waqıtları ótkeriletuǵın tárbiyalıq ilajlarda milliy mádeniyatımız, úrp-ádetlerimiz, ruwxıy baylıǵımız, dástúrlerimiz haqqında da túsinikler beriwge, bular haqqında tiyisli kónlikpe hám uqıplılıqların iyelewge, olardan úlgi alıwǵa úyretip barıw kerek [1].

Muǵallimniń sabaqtaǵı awızeki hám jazba tildiń sawatlılıǵın, durıslıǵın tekseriwden basqa jáne bir tiykarǵı wazıypası – balalarda óz pikirin erkin, tolıq, logikaǵa sáykes, ózleriniń individuallıǵın kórsetiwden qorıqpastan bildiriw qábiletin qáliplestiriw bolıp tabıladı. Tildi rawajlandırıw boyınsha alıp barılatuǵın jumıs tek sabaqlar arqalı ǵana emes, al klastan tıs alıp barılatuǵın ilajlar («Meniń shańaraǵım», «Ata-anam kásibi», «Bul biytanıs sózler» hám t.b. temadaǵı) hám sabaqtan tıs iskerlik arqalı da ámelge asırıladı.

Bul specifikalıq sáwbetlesiw forması bolıp, bunda mektep oqıwshıları óz bilim hám tájiriybeleri tiykarında qanday da bir mashqala boyınsha hár túrli pikirlerge iye boladı. Usı metod járdeminde biz kommunikativlik kompetenciyanıń nátiyjeli qáliplesiwi ushın sharayat jarata alamız, diskussiyadan paydalanamız:

- klass oqıwshılarında dialoglı sóylesiwin rawajlandırıw ushın nátiyjeli qural;
- sabaqta alınǵan informaciyanı jeke ideya hám pikirler menen baylanıstıra alıw kónlikpesi;
- zatlar hám qubılıslardı, olardıń barlıq quramalılıqları hám hár qıylılıǵı menen kóre alıw qábiletin rawajlandırıw;
- qoyılǵan wazıypanıń tabıslı sheshiliwi ushın klaslaslarınıń bildirgen pikirlerin talqılay biliw uqıbı qáliplesip baradı.

Sabaqta tema ótiw waqtında oqıw-biliw iskerligin shólkemlestiriw hám ámelge asırıwdıń sáwbetlesiw sıyaqlı metodın qollansaq boladı. Sáwbetlesiw oqıw materialın balanıń shaxsıy tájiriybesi menen baylanıstırıw múmkinshiligin beredi. Bul proceste oqıwshılar tiyisli bilimlerin eske túsirip, onı ótip atırǵan oqıw materialı menen baylanıstıradı. Máselen, «Kózdiń qarashıǵınday etip asıraw», «Qolda bar nárseniń qádiri joq» temalarındaǵı sáwbetlesiwler qopallıq hám ótirikshilik ústinen húkim etiw túrinde ótkeriledi.

Muǵallim qollanatuǵın usıl hám metodlar tásirinde bala sanasın hám minez qulqın ózgertiw niyeti payda boladı. Bala óz-ózin tárbiyalamasa, óz betishe oylanbasa, belgilengen maqsetke erisiw múmkin emes. Hár bir bala átirapındaǵılarǵa itibarlı hám ózine eń jaqsı insanıy pazıyletlerin jámlewge umtılıwı lazım [2].

Sonıń menen birge, oqıwshılardıń kommunikativlik qábiletlerin qáliplestiriw quralı sıpatında sabaqtıń soraw-juwap formasınan paydalanamız. Tómendegi soraw túrleri kommunikativlik qábilet rawajlandırıw ushın kóbirek nátiyjeli dep esaplanadı:

Dóretiwshilikke baylanıslı sorawlar. Eger dúnya júzinen jánlikler joǵalıp ketse, dúnya qanday bolıp ózgeredi dep oylaysız? Eger sen Marsqa ushıp barıp qalsań ne isler ediń?

Bahalawshı tábiyatqa iye sorawlar. Ne ushın aqıllı bolǵan jaqsıraq? Til biliw ne ushın joqarı bahalanadı?

Interpretaciyalıq sorawlar. Ne ushın terek japıraqlar gúzde sarǵayadı? Jawın ne ushın jawadı?

Solay etip, oqıwshılardıń kommunikativlik qábiletiniń qáliplesiwi mexanizmi rolin haqıyqıy sorawlar hám olardıń

juwapları orın aladı. Olarda janlı pikir, sezim hám qatnasıqlar tuwıladı.

Oqıwshılarda qızıǵıwshılıq tuwdırǵan ilajlardan biri bul «Aqıllı balalar» hám «Aqıllı qızlar» dep atalǵan klasstan tıs ilaj ótkersek boladı. Onıń maqseti kontekstke baylanıslı juwap retinde tuwrı sheshim qabıllawdı anıqlawǵa úyreniwden ibarat. Oqıwshılardıń til baylıǵın jetilistiriw hám bayıtıw, intonaciya menen anıq sóylewdi rawajlandırıw hám sózdiń hár túrli stilistikalıq reńlerin ayırıwdı úyreniw, kommunikabellik hám óz pikirin bildire alıw uqıbın rawajlandırıw zárúr.

Oqıwshılarında kommunikativlik óz ara baylanıs jaǵdayında ádep-ikramlılıq normaları qáliplesiwi belgilenedi. Tálim-tárbiya beriwde hár túrli temalar boyınsha klass sabaqları ótkeriledi. Mısalı: «Biz tınıshlıq hám doslıqta jasap atırmız» degen temada. Sabaq viktorina formasında ótkeriledi. Basqıshlardan biri «Múmkinbe – joq pa?» mazmunında pikir alısıwlardan ibarat bolıp, onda oqıwshılar «Doslıqta nege jol qoyıw múmkin, al ne bolıwı múmkin emes» máselesi boyınsha pikir alısadı. Alınǵan juwaplar kestege jazılıp qoyıladı. Sabaqlardı usılay ótkeriw arqalı ápiwayı klass sabaqlarınıń qızıqlı bolıp ótiwine kómeklesip, kúndelikli háreketlerinde belsendi bolmaǵan oqıwshılarda da belsendilik payda etedi.

Biz klassta: «Eń ájayıp nárse – bul doslıq», «Birge kosmosqa jol alamız» degen temalarda tárbiyalıq wazıypaǵa iye ilaj ótkersek boladı. Bul ilajlardı ótkeriwden maqset:

- oqıwshılar arasında óz ara doslıq qatnasıq ornatıw;
- klaslaslarına húrmet penen múnásibette bolıwǵa tárbiyalaw;
- ádep-ikramlılıq normaları hám qarım-qatnas normaları menen tanıstırıw.

Ilajlardı ótkeriw aldına qoyılǵan maqsetke baylanıslı doslıqtıń áhmiyetliligi hám zárúrligin kórsetiw, sonıń menen birge balalarda doslıq ne ekenligi, haqıyqıy dos qanday bolıwı kerekligi haqqında túsinik payda etiwge erisiledi. Ilajlar ádep-ikramlılıq normaları, sonday-aq, qarım-qatnas normaları menen tanısıw hám olardı ózlestriwge óz úlesin qosadı. Klasta doslıq múnásebetlerin payda etiw menen birge balalar qarım-qatnasın durıs baǵdarlawǵa erisiledi.

Hár bir sabaqtıń turmıs penen baylanıslı bolıwı – sabaqtıń áhmiyetliligin arttırıp otıradı hám aldına qoyılǵan wazıypanı sheshiwge múmkinshilik tuwdıradı. Sabaq eki táreptiń (muǵallim hám oqıwshınıń) háreketiniń nátiyjesine baylanıslı [3].

Oqıwshılardıń shaxslar aralıq qarım-qatnastaǵı kommunikativlik óz ara baylanısın qáliplestiriw kerek. Bunıń ushın trening túrinde ótkerilgen sabaqlar kompleksi islep shıǵılıp, ámelge asırıwǵa boladı. Tiykarǵı maqset oqıwshılarda kommunikativlik kompetenciya dárejesin qáliplestiriwden ibarat boladı.

Wazıypalar:

1. Qarım-qatnasta psixologiyalıq baylanıs ornatıw hám onı uslap turıw. Basqa adamlar menen óz ara qatnasıqta óz múmkinshiliklerin hám sheklewlerin biliw.

2. Nátiyjeli kommunikativlik iskerlikke kesent beretuǵın ishki tosqınlıqlardı biliw hám túsiniw. Basqa adamnıń is-háreketin boljay alıw qábiletin rawajlandırıw.

Sabaqlar qatnasıwshılardıń bir-bir menen sálemlesiwinen baslanadı, izinshe temaǵa sáykes sabaqtıń tiykarǵı bólimi ótiledi, eń aqırında juwmaq shıǵarıladı. Tiykarǵı jumıs túrleri hám metodları: hár túrli rollerden ibarat oyınlar, háreketli shınıǵıwlar, juplıqlar hám toparlarda jaǵdaylardı modellestiriw, toparlıq pikir alısıwlar, disputlar.

Treningte hár túrli tapsırmalar beriledi. Jeke halda tıńlaw hám rawajlanıw boyınsha tapsırmalar beriledi. Hár bir trening qatnasıwshısı sáwbetlesiniń gáplerin (ózi basınan keshirgen bir waqıya haqqında, yamasa bir qızıqlı film hám t.b. haqqında) tıńlawı tiyis bolǵan tapsırmalar. Bunda ol belgili bir qaǵıydalarǵa boysınıwı kerek. Dıqqat penen tıńlawı, gápti bólmewi, gúrrińniń mazmunın túsiniwge tırısıwı, gáplerdi aytıp atırǵanda basın iyzew yamasa basqa háreketler menen maqullap turıwı tiyis.

Treningten keyin balalar sáwbetlesip atırǵan adamdı tolıq túrde tıńlasa, aytılıp atırǵan gáplerge qızıǵıwshılıq bildirse gúrrińlesiw ádewir ańsat boladı eken degen juwmaqqa keledi.

Balalar sóylep atırǵanda durıs dem alıwına, seslerdi durıs aytıwǵa úyretiw kerek. Ayırım uyalshaq balalar seslerdi aytıwǵa uyaladı. Bunday waqıtta seslerdi, sózlerdi xor bolıp ayttırıw, jańıltpashlardı xor bolıp ayttırıw payda etedi [4].

Túsinikli etip sóylew ushın tómendegi tapsırmalar beriledi:

- eki yamasa onnan kóp qatnasıwshılar ózlerine berilgen roller boyınsha tekst oqıydı, bunda olardıń hár biri belgili bir intonaciyaǵa itibar qaratıwı tiyis, ayıplaw, ótinish etiw, kóndiriw, keshirim soraw, kewlin kóteriw;
- oqıwshılar oqıtıwshınıń háreketlerin dıqqat penen baqlay otırıp, onıń sóylew intonaciyası menen háreketleri sáykes keliwin anıqlaydı. Mısalı, sóz tań qalıw menen aytıladı, al muǵallim basım ótkeriw ushın háreket etedi, gáp qapa bolǵandı bildiretuǵın intonaciyada aytıladı, biraq hayran qalıwdı bildiriwshi háreketler menen hám t.b.;
- tapsırılǵan emocionallıq jaǵdaydı qızıǵıw, isenimsizlik, mısqıllaw, ashıwlanıw, quwanısh hám t.b. Intonaciya hám tiyisli háreketler, mimika arqalı bildiriw;
- klass oqıwshıları qay jerde gáp aqırında turǵan irkilis belgileri gáp mazmunına sáykes kelmeytuǵının anıqlaydı: «Ha, biz úyge qaytamız?», «Sen qay jerde ediń!», «Bul jerler qanday gózzal.» hám t.b.

Solay etip, kommunikativlik kompetenciya mánisi hám kommunikativlik kompetenciyanı qáliplestiriw metodları kórsetip ótildi. Oqıwshılardıń sabaqlarda óz ara háreket etiw kónlikpelerin, jeke, juplıqta hám toparlarda islesiw uqıbın, túrli sociallıq roller menen tanısıwın, olardıń sózlik baylıǵın rawajlandırıwı arqalı qarım-qatnas jasaw qábiletin qáliplestiriw maqset etip qoyıldı. Mektep oqıwshılarında kommunikativlik kompetenciya qáliplestiriw ózgeshelikleri anıqlandı.

**Ádebiyatlar**


1. Mo'minova G., Jo'raev A. Sinf rahbari – sinf tarbiyaviy soatlari tashkilotchisi. –Toshket: «O'qituvchi», 2012, 223- b.

2. Mavlonova R., To'raeva O., Xoliqberdiev K. Pedagogika. –Toshkent: «O'qituvchi», 2010, 495-b.

3. Berdimuratov E., Pirniyzov Q. Orta mekteplerde qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1998, 311-b.

4. Qosimova K., Matchonov S., G'ulomova X., Yo'ldosheva Sh., Sriev Sh. Ona tili o'qitish metodikasi – Toshkent: «Nosir», 2009.


**REZYUME**


Maqolada umumiy o'rta ta'lim maktab o'quvchilarining kommunikativlik kompetentsiyalarini shakllantirish metodlari, darslarda o'quvchilarning guruhlarda ish olib borishi bo'yicha tavsiyalar berildi.


**РЕЗЮМЕ**


В статье даны рекомендации по методам формирования коммуникативных компетенций учащихся общеобразовательных школ, групповой работы на уроках.


**SUMMARY**


The article gives recommendations on methods of forming communicative competencies of students of secondary schools, group work in the classroom.